

# Sezon Siklòn lan Rive. Èske Ou Pare?

**Swiv etap sa yo pou ou prè pou pwochen tanpèt la:**

## **Repase kontra asirans ou avèk ajan ou.**

- Asire ou ke montan kouvèti ou yo apwopriye pou kay ou an.
- Enfòme ajan ou an sou nenpòt renovasyon oswa amelyorasyon resan.
- Fè mizajou nan enfòmasyon pou kontakte ou, sa gen ladan adrès imel ou ak nimewo mobil ou.
- Fè mizajou nan enfòmasyon konpayi ipotèk ou.

## **Anrejistre kontra asirans Citizens ou avèk myPolicy.**

- Gade detay yo nan kontra asirans lan ak enfòmasyon sou bòdwo yo, fè peman yo, epi rapòte yon reklamasyon sou Entènèt nan [www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy).
- Itilizatè yo ka gade, telechaje ak enprime dokiman kontra asirans yo (alesepsyon dokiman reklamasyon yo) nan myPolicy.

## **Pwoteje enfòmasyon ou yo.**

- Kreye yon envantè foto oswa videoy kay ou ak efè pèsonèl ou.
- Kenbe kopi dokiman kontra asirans ou yo, resi ak lòt dosye enpòtan ou yo nan yon vesò ki p ap pran dlo.
- Fè bakòp dokiman ou yo ak envantè ou yo sou yon disk di pòtab oswa sou yon kont nyaj enfòmatik sekirize pou konsève yo an sekirite.

## **Pwoteje pwopriyete ou.**

- Debranche pyebwa ak touf raje toutotou kay ou epi lwen twati kay ou.
- Fikse fenèt ak pòt vitre yo, epi pote mèb lakou yo andedan.

## **Pwoteje fanmi ou.**

- Aprann **wout evakyasyon ou**.
- Devlope yon plan komunikasyon familyal ki gen enfòmasyon kontak pou ijans.
- Prepare yon kit founiti pou katastwòf, sa gen ladan yon plan pou bêt kay ou yo.
- Rete branche pou jwenn avètisman ak notifikasyon nan men otorite lokal yo konsènan menas yo nan zòn ou an.

Pou rapòte yon reklamasyon, rele **Citizens First** 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt nan **866.411.2742**, ale sou entènèt nan [www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy), oswa rele ajan ou an.

Pou plis enfòmasyon, vizite nou nan [www.citizensfla.com/monitor](http://www.citizensfla.com/monitor). **Citizens Pare**. Swiv nou sou Facebook ak sou Twitter pou jwenn dènye nouvèl yo sou tanpèt ak konsèy itil.

